


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa runtuyan kagiatan anu dilakukeun dina panalungtikan. Anapon désain panalungtikan anu digunakeun nyaéta tatahar panalungtikan, ngumpulkeun data, ngolah data, nyieun kacindekan, sarta nyusun laporan. Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina wangun bagan 3.1 di handap.



**Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan**

3.2 Téhnik Panalungtikan

Dina panalungtikan aya dua téhnik anu digunakeun, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah stratégis dina panalungtikan anu tujuanana pikeun nyangking data. Dina ngumpulkeun data, tangtu aya téhnik nu dilakukeunana dumasar kana *setting*, sumber, jeung carana. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta studi talaah pustaka. Ieu téhnik digunakeun

pikeun nyangking data structural eusi carita dina buku Kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna jeung Ajén Sosial dina carita anu dipaluruh tina hasil maca tuluy dianalisis. Laju hasil analisisna dicutat tuluy diolah jadi data panalungtikan nu diperlukeun.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa prosés nyusun jeung nganalisis data sacara sistematis nu dihasilkeun tina studi talaah pustaka sangkan leuwih maham kana data sarta gampang diinpormasikeun ka jalma réa. Dina prosés ngolah data, panalungtikan kualitatif leuwih nyoko kana kasiapan panalungtik sahingga perlu ayana persiapan nu asak saacan prung, mangsa prung, jeung sanggeus prung panalungtikan (Sugiyono, 2008). Sabada ngumpulkeun data, laju dianalisis kalawan ngagunakeun konsép ulikan struktural Stanton jeung ajén sosial Soekanto pikeun nyangking data ngeunaan struktural carita jeung ajén sosial dina carita.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Dina panalungtikan kualitatif, anu jadi instrumén atau alat panalungtikanana téh nyaéta panalungtik nu dibarengan ku instrumén séjén pikeun nyangking data anu nyugemakeun. Anapon instrumén panalungtikan nu digunakeun nyaéta buku Kumpulan Carpon *Bral* karya Supriatna anu dilengkepan ku kartu jeung tabél data pikeun nganalisis data hasil panalungtikan.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumém ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data digital struktural carpon jeung kartu data analisis ajén sosial nu aya dina carpon.

3.3.1.1 Kartu Data Digital Struktur Carpon

Kartu data digital struktur carpon diwincik jadi genep kartu, nyaéta kartu data téma, kartu data galur, kartu data watek tokoh, kartu data latar, kartu data judul, kartu data gaya basa sarta kartu data puseur implengan.

1) Kartu Data Téma

Tabél 3. 1
Kartu Data Téma

<p>Carpon “Ema” Téma: Kanyaah jeung doa ti sepuh</p>

“Aini, Nyai, anaking... pék Geulis... geus mangsana ayeuna mah Nyai milih pipanutaneun. Ddidoakeun ku Ema... muga-muga hidep sing manggih kabagjaan.”
(E/T/01/C2/KC22)

Keterangan:

E: Kode keur Judul Carpon “Ema”
 T: Kode keur Struktur Carita (Téma)
 01: Data Struktur Téma nu Kahiji
 C2: Kode Urut Carita
 KC22: Kaca/Halaman Data

2) Kartu Data Fakta Carita (Galur)

Tabél 3. 2
Kartu Data Galur

<p>Carpon “Uyut” Galur: Campuran</p> <p>(a) Tahap éksposisi: Karuhun pangpuhuna nu kuring nyaho dikieuna nyaéta Uyut, uyut ti pihak nini ti indung. Ka uyut pameget mah kuring teu nyaho, da pupusna gé tangéh saméméh kuring dijurukeun. Angot ka bao mah, kuringna gé di mana kénéh mah! (U/G/01/C1/KC5)</p> <p>(b) Tahap <i>inciting moment</i>: Leutik kénéh kuring harita téh, umur lima taun. Inget da can disunatan. Dina hiji poé, méméh tengah poé, beuteung kuring ngusial. Ku nini dipiwarang cingogo dina kuluwung pamiceunan cai di sumur tukangeun imah, kitu da sasarina gé. Tur da lumrah, kadar budak mah caringogona téh sok di darinya. (U/G/02/C1/KC8)</p> <p>(c) Tahap <i>rising action</i>: Kacaritakeun, lantaran indung jeung nini keur rariweuhna, kuring pada ngantep ceurik ngadingdiut. Ningal kitu, Uyut éléh-déét. Atuh kapaksa bari rumanggieung-rumanggieung ogé nunungtun kuring nu geus ulad-alid. Kuring bungah guligah, kahayang laksana. (U/G/03/C1/KC9)</p> <p>(d) Tahap <i>complication</i>: Tah keur kitu geprakna kajadian téh...! Ti kidul, ti péngkolan, mucunghul mobil sédan. Teu paur teu naon, da biasa atuda leumpang papaliwat jeung mobil mah, uyut ngajak kuring ngarendeng heula bari mépéd ka sisi pager bumi Ceu Hadnah. Malah panangan Uyut nu kiwa mah nyepengan kana pager téh. Ari kuring culang-cileung handapeun ingkabna. (U/G/04/C1/KC9)</p> <p>(e) Tahap <i>climax</i>: Harita kénéh Uyut dicandak ka rumah sakit ku nu nabrakna, ka nu mobil nu nabrakna. Lain urang jauh horéng nu nabrakna téh, urang Gang Sukarya, kuloneun balong éta saeutik, sasat tatangga kénéh. Cenah keur diajar kénéh nyetirma téh. (U/G/05/C1/KC10)</p> <p>(f) Tahap <i>falling action jeung denouement</i>: Hawatos temen Uyut. Katurug katutuh, waruga ropoh, balung rapuh, katiban musibah, atuh mutuh ripuh! Mulan-malén ngajimprek nyandak panémbok di imah sagedé pelok, bari kaayaan hurip jauh ka cukup.</p>

Najan teu nepi ka pati, tapi angen-angen Uyut angen-angen sakumna manusa, hurip waras, genah betah nepi ka sepuh, peunggas ku éta kajadian. Malah sabalikna, jadi teu walagri-walagri acan, jadi cacad kasepuhnakeun!

(U/G/06/C1/KC11)

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
 G: Kode Struktur Carita (Galur)
 01: Data Struktur Galur nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC5: Kaca/Halaman Data

3) Kartu Data Fakta Carita (Tokoh)

Tabél 3. 3
Kartu Data Watek Tokoh

Carpon “Uyut”

Ngaran Tokoh: Kuring

Watek Tokoh:

- (a) Bangor
 Kuring gé cacakan budak bangor réa carékeun, teu ngalaman dicurak-carék, komo dicarékan mah.

(U/WT/05/C1/KC6)

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
 WT: Kode Struktur Carita (Watek Tokoh)
 01: Data Watek Tokoh nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC6: Kaca/Halaman Data

4) Kartu Data Fakta Carita (Latar)

Tabél 3. 4
Kartu Data Latar

Carpon “Ema”

(1) Latar Waktu

Beurang

Cikénéh kajadian di shéltér beus kota.
 Ngaliud-ngagimbung nu maregat téh, bubuhan usum bubar kantor.

(E/LW/01/C2/KC15)

(2) Latar Tempat

Kamar

Blak nangkarak bengkang dina kasur, beungeut Kang Inar rapang dina éternit! Reup panon dipeureumkeun, beungeut Kang Inar kalah beuki teges.

(E/LT/03/C2/KC17)

(3) Latar Sosial

“Keun! Kasép, insinyur, urang Situraja, ... naon deui tadi téh kaluaran IPB, kepala bagian, heug, heug! Tapi Ema hayang nyaho pisan mah: ari Nyai bogoh henteu?”

(E/LS/01/C2/KC21)

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”

LW/LT/LS: Kode Struktur Carita (Latar; Waktu, Tempat, Sosial)
 01: Data Struktur Latar nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC5: Kaca/Halaman Data

5) Kartu Data Sarana Carita (Judul)

Tabél 3. 5
Kartu Data Judul

<p>Judul: Bral Lalaunan beungeutna ditanggahkeun. Beungeut téh tuus, taya riak-riak cimata, beungeut lalaki! “Bral, Anaking!” embun-embunanana dicium.</p> <p style="text-align: right;">(B/J/01/C3/KC31)</p>

Keterangan:

B: Kode keur Judul Carpon “Bral”
 J: Kode Struktur Carita (Judul)
 01: Data Struktur Judul nu Kahiji
 C3: Kode Urut Carita
 KC31: Kaca/Halaman Data

6) Kartu Data Sarana Carita (Gaya Basa)

Tabél 3. 6
Kartu Data Gaya Basa

<p>Carpon “Uyut” Gaya Basa: Babandingan (ébréhan) Kuring gé teu nyaho ka aki-aki ti gigir téh.</p> <p style="text-align: right;">(U/GB/01/C1/KC6)</p>

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carita (Uyut)
 GB: Kode Data Struktur Carita (Gaya Basa)
 01: Kode Data nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC10: Kaca/Halaman Data

7) Kartu Data Sarana Carita (Puseur Implengan)

Tabél 3. 7
Kartu Data Puseur Implengan

<p>Carpon “Uyut” Puseur Implengan: Jalma Kahiji Kuring gé cacakan budak bangor réa carékeun, teu ngalaman cicurak-carék, komo dicarékan mah.</p> <p style="text-align: right;">(U/PI/01/C1/KC6)</p>

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
 PI: Kode Struktur Carita (Puseur Implengan)
 01: Data Struktur Puseur Implengan nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC8: Kaca/Halaman Data

3.3.1.2 Kartu Data Digital Ajén Sosial

Tabél 3. 8
Kartu Data Ajén Sosial

No.	Judul Carpon	Ajén Sosial				
		Agama	Moral	Ékonomi	Politik	Atikan
1.	“Uyut”	✓	✓	✓		✓
2.	“Ema”	✓	✓	✓		✓
3.	“Bral”	✓	✓	✓	✓	✓
4.	“Nu Teu Nalipak Manéh”	✓	✓	✓	✓	✓
5.	“Sakaca Catetan Nini”		✓	✓		✓
6.	“Nini Sarti”	✓	✓	✓		✓
7.	“Bagéan”	✓	✓	✓	✓	✓
8.	“Aki Ukon”	✓	✓	✓	✓	✓

1) Kartu Data Ajén Sosial (Agama)

Tabél 3. 9
Kartu Data Ajén Sosial Agama

<p>Carpon “Aki Ukon” Nu matak, <i>alhamdulillah</i> Aki mah can ngalaman ka colongan. (AU/ASAg/02/C15/KC146)</p> <p>Husus pikeun para utusan ti nagara-nagara blok sosialis/komunis, lain hotél na wungkul nu kudu dibeledugkeun téh, tapi jalma-jalmana gé kudu sakalian ‘dikirim ke akhirat’ cenah. (AU/ASAg/03/C15/KC148)</p> <p>Sugan isuk pagéto dipaparinan terbuka. Teu kapianggeuhan, da Gusti mah Maha Kawasa. (AU/ASAg/04/C15/KC149)</p> <p>Para pamingpin DI/TII sosoak yén maranéhna ngalaksanakeun perjoangan suci, cenah <i>jihad fisabilillah</i>, cenah rék ngadegkeun nagara <i>mardotillah</i>, cenah rék ngajalankeun papagon Islam sacara <i>kafah</i>, cenah RI téh nagara <i>jahiliyah</i>, pék! (AU/ASAg/05/C15/KC150)</p>

Keterangan:

AU:	Kode keur Judul Carpon “Aki Ukon”
ASAg:	Kode Ajén Sosial Agama
02:	Data Ajén Sosial nu Kahiji
C15:	Kode Urut Carita
KC146:	Kaca/Halaman Data

2) Kartu Data Ajén Sosial (Moral)

Tabél 3. 10
Kartu Data Ajén Sosial Moral

Carpon “Uyut”

Karuhun pangpuhuna nu kuring nyaho dikieuna nyaéta Uyut, uyut ti pihak nini ti indung. Ka uyut pameget mah kuring teu nyaho, da pupusna gé tangéh saméméh kuring dijurukeun. Angot ka bao mah, kuringna gé di mana kénéh mah!

(U/ASM/01/C1/KC5)

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
 ASM: Kode Ajén Sosial Moral
 01: Data Ajén Sosial nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC8: Kaca/Halaman Data

3) Kartu Data Ajén Sosial (Ékonomi)

Tabél 3. 11

Kartu Data Ajén Sosial Ékonomi

Carpon “Uyut”

Keur anomna mah biasa cenah dagdag-digdig usaha jeung ngurus ituh-inih sailaharna jalma dina pakumbuhan. Usahana téh kana kulub jéngkol – ngolah jeung ngadagangkeunana.

(U/ASÉ/01/C1/KC6)

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
 ASÉ: Kode Ajén Sosial Ékonomi
 01: Data Ajén Sosial nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC8: Kaca/Halaman Data

4) Kartu Data Ajén Sosial (Politik)

Tabél 3. 12

Kartu Data Ajén Sosial Politik

Carpon “Bral”

Lembur Cikamuning rék dijieun lapang golf, hotél, jeung proyék-proyéék lianna nu patali jeung éta. Saréréa kudu pindah katut ingon-ingonna.

(Br/ASP/01/C3/KC23)

Enya gé nurut kana aturan, aturan beunang nyieun maranéhna nu pamohalan lain pikeun kauntungan maranéhna!

(Br/ASP/02/C3/KC23)

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
 ASP: Kode Ajén Sosial Politik
 01: Data Ajén Sosial nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC8: Kaca/Halaman Data

5) Kartu Data Ajén Sosial (Atikan)

Tabél 3. 13

Kartu Data Ajén Sosial Atikan

Carpon “Uyut”

Boro-boro maca-nulis sakola gé henteu cenah uyut mah. (U/ASAt/01/C1/KC6)
Isukna rebun-rebun dikoréhan, terus dikumbah beresih diusapan sabébék-sabébék bari dikucur di pancuran. Terus dituuskeun dina ayakan. Geus tuus, brus dikulub ku cai lebu, lebuna lebu hawu, lemes beunang ngayak. Di hawu ngulubna gé, da harita mah can anjarah kompor. (U/ASAt/02/C1/KC7)

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
 ASAt: Kode Ajén Sosial Atikan
 01: Data Ajén Sosial nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC8: Kaca/Halaman Data

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta kartu analisis jeung tabél analisis struktural carita jeung ajén sosial dina carita.

3.3.2.1 Kartu Data Analisis Struktur Carpon

Kartu data digital analisis struktur carpon diwincik jadi genep kartu, nyaéta kartu data téma, kartu data galur, kartu data watek tokoh, kartu data latar, kartu data judul, kartu data gaya basa sarta kartu data puseur implengan.

1) Kartu Data Analisis Téma

Tabél 3. 14
Kartu Data Analisis Téma

<p>Carpon “Ema” Téma: Kanyaah jeung doa ti sepuh “Aini, Nyai, anaking... pék Geulis... geus mangsana ayeuna mah Nyai milih pipanutaneun. Didoakeun ku Ema... muga-muga hidep sing manggih kabagjaan.” (E/T/01/C2/KC22)</p> <p>Analisis: dina cutatan di luhur, nuduhkeun yén Ema ngadoakeun Aini sangkan Aini manggih kabagjaan.</p>

Keterangan:

E: Kode keur Judul Carpon “Ema”
 T: Kode keur Struktur Carita (Téma)
 01: Data Struktur Carita nu Kahiji
 C2: Kode Carita Kadua
 KC22: Kaca/Halaman Data

2) Kartu Data Analisis Fakta Carita (Galur)

Tabél 3. 15
Kartu Data Analisis Galur

Carpon “Uyut”**Galur:** Campuran**(a) Tahap éksposisi:**

Karuhun pangpuhuna nu kuring nyaho dikieuna nyaéta Uyut, uyut ti pihak nini ti indung. Ka uyut pameget mah kuring teu nyaho, da pupusna gé tangéh saméméh kuring dijurukeun. Angot ka bao mah, kuringna gé di mana kénéh mah!

(U/G/01/C1/KC5)

(b) Tahap *inciting moment*:

Dina hiji poé, méméh tengah poé, beuteung kuring ngusial. Ku nini dipiwarang cingogo dina kuluwung pamiceunan cai di sumur tukangeun imah, kitu da sasarina gé. Tur da lumrah, kadar budak mah caringogona téh sok di darinya.

(U/G/02/C1/KC8)

(c) Tahap *rising action*:

Kacaritakeun, lantaran indung jeung nini keur rariweuhna, kuring pada ngantep ceurik ngadingdiut.

Ningal kitu, Uyut éléh-déét. Atuh kapaksa bari rumanggieung-rumanggieung ogé nunungtun kuring nu geus ulad-alid. Kuring bungah guligah, kahayang laksana.

(U/G/03/C1/KC9)

(d) Tahap *complication*:

Ti kidul, ti péngkolan, mucunghul mobil sédan. Teu paur teu naon, da biasa atuda leumpang papaliwat jeung mobil mah, uyut ngajak kuring ngarendeng heula bari mépéd ka sisi pager bumi Ceu Hadnah. Malah panangan Uyut nu kiwa mah nyepengan kana pager téh. Ari kuring culang-cileung handapeun ingkabna.

(U/G/04/C1/KC9)

(e) Tahap *climax*:

Harita kénéh Uyut dicandak ka rumah sakit ku nu nabrakna, ka nu mobil nu nabrakna. Lain urang jauh horéng nu nabrakna téh, urang Gang Sukarya, kuloneun balong éta saeutik, sasat tatangga kénéh.

Cenah keur diajar kénéh nyetirna téh.

(U/G/05/C1/KC10)

(f) Tahap *falling action jeung denouement*:

Najan teu nepi ka pati, tapi angen-angen Uyut angen-angen sakumna manusa, hurip waras, genah betah nepi ka sepuh, peunggas ku éta kajadian. Malah sabalikna, jadi teu walagri-walagri acan, jadi cacad kasepuhnakeun!

(U/G/06/C1/KC11)

3) Kartu Data Analisis Fakta Carita (Tokoh)**Tabél 3. 16****Kartu Data Analisis Watek Tokoh****Ngaran Palaku:** Kuring**Watek Palaku:** Bangor

Mun katénjo Uyut muringis lantaran karaoseun nyeri, batan eureun anggur ngahajakeun! Mun geus digaok ku indung kakara nyingkah!

Bangor! Heueuh!

(U/WT/01/C1/KC11)

Analisis: Dina cutatan di luhur katitén watek tokoh kuring téh bangor lantaran aya kecap atawa pangakuan manéhna nu bangor jeung teu nurut ka kolot.

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”

WT: Kode Struktur Carita (Watek Tokoh)

01: data Struktur Carita nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC8: Kaca/Halaman Data

4) Kartu Data Analisis Fakta Carita (Latar)

Tabél 3. 17
Kartu Data Analisis Latar

<p>Carpon “Uyut”</p> <p>(a) Latar Waktu Teuing taun sabaraha lahirna. Ngan mun seug diitung tina yuswa putra-putrana, kana taun 1890-an taksiran. (U/LW/01/C1/KC5)</p> <p>Analisis: Dina cutatan di luhur, katitén taksiran lahirna uyut téh di taun 1890-an.</p> <p>(b) Latar Tempat Basa kuring mimiti inget, Uyut téh geus ropoh, geus tara barangdamel, geus tara angkat-angkatan, ukur kitu wé ringkang-ringkang ka sumur, ka dapur, ka buruan. (U/LT/01/C1/KC5)</p> <p>Analisis: Dina ieu cutatan, katitén aya sababaraha tempat nu kasebut dina ieu carita. Nyaéta sumur, dapur, buruan, tepas, tengah imah, jeung babaléan dapur.</p> <p>(c) Latar Sosial Keur anomna mah biasa cenah dagdag-digdig usaha jeung ngurus ituh-inih sailaharna jalma dina pakumbuhan. Usahana téh kana kulub jéngkol – ngolah jeung ngadagangkeunana. (U/LS/01/C1/KC6)</p> <p>Analisis: Dina ieu cutatan, katitén aya latar sosial atawa hirup kumbuhna uyut dina kahirupanana sapopoé nyaéta ngolah jéngkol jeung ngadagangkeunana.</p>

1) Kartu Data Analisis Sarana Carita (Judul)

Tabél 3. 18
Kartu Data Analisis Judul

<p>Judul: Bral Lalaunan beungeutna ditanggahkeun. Beungeut téh tuus, taya riak-riak cimata, beungeut lalaki! “Bral, Anaking!” embun-embunanana dicium. (B/J/01/C3/KC31)</p> <p>Analisis: Dumasar kana cutatan di luhur, katitén yén eusi ieu carpon nyaritakeun kolot anu ngaleupaskeun anakna pikeun milampah hal nu saluyu jeung pamikiranana sorangan. Tur katitén ogé aya kecap anu ngébréhkeun kecap nu sarua jeung judul, nyaéta “bral”.</p>

Keterangan:

B: Kode keur Judul Carpon “Bral”
 J: Kode Struktur Carita (Judul)
 01: Data Struktur Carita nu Kahiji
 C3: Kode Urut Carita
 KC31: Kaca/Halaman Data

2) Kartu Data Analisis Sarana Carita (Gaya Basa)

Tabél 3. 19
Kartu Data Analisis Gaya Basa

Carpon “Uyut”
Gaya Basa: Lalandian (métafora)
 Ari kuring mah, da teu cécéél teu boncéél téa, poé harita kénéh gé ngagéléték ulin deui wé.
 (U/GB/02/C1/KC10)
 Analisis: Dina cutatan diluhur aya kalimah “teu cécéél teu boncéél” anu hartina nyamunikeun kecap “céhcéél atawa bohak dina kulit” lantaran labuh.

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
 GB: Kode Struktur Carita (Gaya Basa)
 02: Data Struktur Carita nu Kadua
 C1: Kode Urut Carita
 KC10: Kaca/Halaman Data

3) Kartu Data Analisis Sarana Carita (Puseur Implengan)

Tabél 3. 20

Kartu Data Analisis Puseur Implengan

Carpon “Uyut”
Puseur Implengan: Jelema kahiji
 Leutik kénéh da kuring harita téh, umur lima taun. Inget da can disunatan.
 (U/PI/01/C1/KC8)
 Analisis: Dina cutatan di luhur, aya kecap “kuring” anu nuduhkeun yén ieu carita téh ngagunakeun puseur implengan jelema kahiji.

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
 PI: Kode Struktur Carita (Puseur Implengan)
 01: Data Struktur Carita nu Kahiji
 C1: Kode Urut Carita
 KC8: Kaca/Halaman Data

3.3.2.2 Kartu Data Analisis Ajén Sosial

Tabél 3. 21

Kartu Data Analisis Ajén Sosial

No.	Judul Carpon	Ajén Sosial				
		Agama	Moral	Ékonomi	Politik	Atikan
1.	“Uyut”	✓	✓	✓		✓
2.	“Ema”	✓	✓	✓		✓
3.	“Bral”	✓	✓	✓	✓	✓
4.	“Nu Teu Nalipak Manéh”	✓	✓	✓	✓	✓
5.	“Sakaca Catetan Nini”		✓	✓		✓
6.	“Nini Sarti”	✓	✓	✓		✓
7.	“Bagéan”	✓	✓	✓	✓	✓
8.	“Aki Ukon”	✓	✓	✓	✓	✓

1) Kartu Data Analisis Ajén Sosial (Agama)

Tabél 3. 22

Kartu Data Analisis Ajén Sosial Agama

Carpon “Aki Ukon”

Ari golongan DI mah nanduk, caricing wé di Jawa Barat. Aku-aku jadi kaum Ansor.
(AU/ASAg/01/C15/KC139)

Analisis: Dina cutatan di luhur katitén aya kecap *Ansor* anu lamun dipatalikeun jeung kahirupan mah kecap ansor téh asalna tina basa Arab anu hartina kaum pribumi anu narima kaum séjén.

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”

ASAg: Kode Ajén Sosial Agama

01: Data Ajén Sosial nu Kahiji

C1: Kode Urut Carita

KC8: Kaca/Halaman Data

2) Kartu Data Analisis Ajén Sosial (Moral)**Tabél 3. 23****Kartu Data Analisis Ajén Sosial Moral****Carpon “Uyut”**

Nu kabandingan mah Uyut téh jalmi sabar pisan. Kacaritakeun kolot sok belikan jeung gedé ambek téh, teu kasampak di Uyut mah. Tong maké bendu, tara kawénéhan kukulutus-kukulutus acan. Kuring gé cacakan budak bangor réa carékeun, teu ngalaman dicurak-carék, komo dicarékan mah.

(U/ASM/02/C1/KC6)

Analisis: Dina carpon “Uyut” kapaluruh aspék sosial moral ka papada jalma, nyaéta Uyut anu miboga sipat sabar pisan cacakan incuna bangor pisan can pernah nyarékan incuna.

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”

ASM: Kode Ajén Sosial Moral

02: Data Ajén Sosial nu Kadua

C1: Kode Urut Carita

KC6: Kaca/Halaman Data

3) Kartu Data Analisis Ajén Sosial (Ékonomi)**Tabél 3. 24****Kartu Data Analisis Ajén Sosial Ékonomi****Carpon “Uyut”**

Usahana téh kana kulub jéngkol-ngolah jeung ngadagangkeunana.

(U/ASÉ/01/C1/KC8)

Analisis: Dina ieu cutatan katitén yén pakasaban Uyut dina carita nyaéta usaha kana jéngkol dina ngolah jeung ngadagangkeunana.

Keterangan:

U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”

ASÉ: Kode Ajén Sosial Ékonomi

01: Data Ajén Sosial nu Kahiji

C1: Kode Urut Carita

KC8: Kaca/Halaman Data

4) Kartu Data Analisis Ajén Sosial (Politik)

Tabél 3. 25
Kartu Data Analisis Ajén Sosial Politik

<p>Carpon “Bral” Lembur Cikamuning rék dijieun lapang golf, hotél, jeung proyék-proyéék lianna nu patali jeung éta. Saréréa kudu pindah katut ingon-ingonna. (Br/ASP/01/C3/KC23)</p> <p>Analisis: Dumasar kana cutatan di luhur, katitén ayana ajén sosial politik ngeunaan paréntah pikeun pindah sarta ninggalkeun ingon-ingon di lembur Cikamuning.</p>

Keterangan:

- U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
- ASP: Kode Ajén Sosial Politik
- 01: Data Ajén Sosial nu Kahiji
- C1: Kode Urut Carita
- KC8: Kaca/Halaman Data

5) Kartu Data Analisis Ajén Sosial (Atikan)

Tabél 3. 26
Kartu Data Analisis Ajén Sosial Atikan

<p>Carpon “Uyut” Boro-boro maca-nulis sakola gé henteu cenah uyut mah. (U/ASAt/01/C1/KC6)</p> <p>Analisis: Dumasar kana cutatan di luhur katitén ayana ajén atikan lantaran nyuat-nyuat pangaweruh uyut ngeunaan maca jeung nulis di jaman baheula.</p>

Keterangan:

- U: Kode keur Judul Carpon “Uyut”
- ASAt: Kode Ajén Sosial Atikan
- 01: Data Ajén Sosial nu Kahiji
- C1: Kode Urut Carita
- KC8: Kaca/Halaman Data

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah nu dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun ngajawab rumusan masalah dina panalungtikan (Utami, 2013). Anapon léngkah-léngkah panalungtikan nurutkeun Arikunto (2010, kc. 61) nyaéta milih jeung nangtukeun masalah, studi pendahuluan atawa kasang tukang panalungtikan, ngarumuskeun masalah, milih pamarekan, nangtukeun variabel jeung sumber data, nangtukeun instrumén panalungtikan, ngumpulkeun data, ngolah jeung nganalisis data, nyieun kacindekan, jeung nyusun laporan.

3.4.1 Milih jeung nangtukeun masalah

Saacan prung panalungtikan, data nu rék ditalungtik tangtu kudu aya. Data nu ditalungtik kudu luyu jeung masalah nu karandapan ku panyusun. Masalah

mangrupa kesenjangan antara kahayang jeung kanyataan. Ieu masalah bisa leungit lamun panalungtik nyangking data anu merenah tur mundel tina hasil panalungtikanana.

3.4.2 Studi Pendahuluan

Sanggeus milih jeung nangtukeun masalah pikeun ditalungtik, panalungtik kudu ngayakeun studi pendahuluan pikeun néangan inpormasi nu diperlukeun sangkan masalah nu kapanggih jelas ayana. Misalna ku cara néangan objék naon nu rék dipaké dina panalungtikan.

3.4.3 Ngarumuskeun Masalah

Nalika ngalakukeun studi pendahuluan atawa ngusun kasang tukang pasualan, katitén yén masalah dina ieu panalungtikan téh geus tangtu tur jelas ayana. Sanggeus kitu, panalungtik dipiharep bisa ngarumuskeun masalah sangkan aya watesan ngeunaan hal naon anu rék ditalungtik.

3.4.4 Milih Pamarekan

Sanggeus ngarumuskeun masalah, panalungtik dipénta pikeun milih pamarekan nu rék dipaké nalika panalungtikan lumangsung. Dina hal ieu, panalungtik ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode deskriptif-analitik anu leuwih museur kana analisis sumber data nu mangrupa buku kumpulan carpon.

3.4.5 Nangtukeun Variabel jeung Sumber Data

Tujuan nu rék dihontal dina ieu léngkah nyaéta pikeun ngajawab patalékan: 1) Hal naon nu rék ditalungtik jeung 2) Ti mana ayana sumber data. Dua hal ieu kudu diidentifikasi kalawan jéntré sangkan mikanyaho hal anu kudu disiapkeun nalika panalungtikan.

3.4.6 Nangtukeun Instrumén Panalungtikan

Sanggeus nangtukeun variabel jeung sumber data nu rék ditalungtik, léngkah satuluyna nyaéta nangtukeun instrumén panalungtikan. Ieu léngkah leuwih nekenkeun kana barang atau hal naon nu dipaké sangkan data nu ditalungtik bisa kakumpul kalawan sampurna. Contona waé instrumén panalungtikan kalawan pamarekan kualitatif kayaning: buku catetan, buku sumber, jeung kartu data anu bisa ngarojong kana prosés lumangsugna panalungtikan.

3.4.7 Ngumpulkeun Data

Léngkah satuluyna nyaéta ngumpulkeun data. Dina léngkah ieu, panalungtik dipiharep ngagunakeun téhnik jeung pamarekan anu geus ditangtukeun dina panalungtikan. Ieu hal luyu jeung prinsip sarta prosedur panalungtikan sangkan data anu ditalungtik bener sarta luyu jeung rumusan masalah nu diajukeun.

3.4.8 Ngalalisis Data

Sanggeus kakumpul, satuluyna panalungtik langsung nganalisis data kalayan ngagunakeun ulikan-ulikan anu geus ditangtukeun saacanna.

3.4.9 Nyieun Kacindekan

Kacindekan atawa simpulan hasil panalungtikan mangrupa léngkah panungtung pikeun nyusun laporan. Hal ieu mangrupa prosés mindahkeun hasil pedaran luyu jeung data nu geus ditalungtik saacanna. Kasaluyuan antara pedaran jeung kacindekan katitén pentingna lantaran nalika kacindekan ngambang tur teu luyu jeung hasil pedaran, tangtu ieu panalungtikan ditilik tina kacindekanana mah dianggap palsu.

3.4.10 Nyusun Laporan

Nalika nyusun laporan, aya sababaraha sarat nu kudu dilakukeun ku panalungtik. Nu kahiji, mikanyaho ka saha tujuan disusunna hiji laporana. Kadua, panalungtik sadar yén pangaweruh, pangalaman jeung minat maca nu narima laporan téh béda-béda. Katilu, panulis sadar yén pamaca teu ilubiung dina prosés panalungtikan. Kaopat, laporan panalungtikan mangrupa élemén utama dina prosés kamajuan élmu pangaweruh. Ku kituna, nalika nyusun laporan hasil panalungtikan, panulis kudu leuwih mentingkeun aturan panulisan karya tulisna luyu jeung aturan nu lumaku di hiji lembaga nu narima karya tulisna (Arikunto, 2010, kc 395).

3.5 Data jeung Sumber Data

Dina ieu panalungtikan, sumber data sagemblengna aya dina kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna. Aya lima belas carpon dina ieu buku kumpulan carpon nu ditalungtik. Dina ieu subab dipedar ngeunaan data jeung sumber data.

3.5.1 Data

Dina panalungtikan, data kabagi kana dua jinis nyaéta data kualitatif jeung data kuantitatif. Ari nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta data kualitatif. Data kualitatif mangrupa hasil panalungtikan anu digunakeun panalungtikan déskriptif jeung historis dina wangun kalimah.


Anu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta dalapan carpon dina buku kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna. Judul-judul carpon dina ieu buku kumpulan carpon nyaéta “Uyut”, “Ema”, “Bral”, “Nu Teu Nalipak Manéh”, “Sakaca Catetan Nini”, “Nini Sarti”, “Bagéan”, jeung “Aki Ukon” anu ditulis ku Supriatna di taun jeung tempat nu béda.

3.5.2 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan mangrupa subjék nu digunakeun dina panalungtikan (Arikunto, 2010 kc. 172). Sumber data dina panalungtikan kabagi kana dua sumber nyaéta data primer jeung data sekunder. Katitén yén sumber data dina ieu panalungtikan téh mangrupa kertas atawa dokumén. Salian ti éta, aya ogé buku-buku nu dijadikeun sumber nu ngarojong kana eusi panalungtikan.

3.5.2.1 Idéntitas Buku

Judul Buku	: Kumpulan Carpon Bral
Pangarang	: Supriatna
Medal	: 2011
Penerbit	: PT Imperial Bhakti Utama
Jumlah Kaca	: 160 kaca
Sampul Buku	: Warna konéng buruk, aya gambar dua lalaki.



Gambar 3. 1
Jilid Buku Kumpulan Carpon *Bral*

3.5.2.2 Sinopsis Buku

Buku kumpulan carpon *Bral* karangan Supriatna eusina aya lima belas carpon. Ieu buku hampir sakabéh caritana nyaritakeun tokoh “Kuring” di lingkungan kulawarga kalawan béda téma jeung fakta ogé sarana carita séjénna. Judul-judul carpon dina ieu buku kumpulan carpon téh nyaéta “Uyut”, “Ema”, “Bral”, “Nu Teu Nalipak Manéh”, “Sakaca Catetan Nini”, “Nini Sarti”, “Anak”, “Incu”, “Deudeuh Teuing”, “Dadah Nyai”, “Bagéan”, “Bu Aini”, “Nu Marahiwal”, “Keur Anaking”, jeung “Aki Ukon” anu ditulis ku Supriatna di taun jeung tempat nu béda.

3.5.2.3 Biografi Singget Pangarang



Supriatna (alm), lahir tanggal 24 Juni 1952 di Lembur Panyingkiran, Sumedang. Ti bubudak, anjeunna resep tulas-tulis di Manglé. Mulai produktif nulis di awal taun 2000, karya-karyana dirojong ku Duduh Durahman (alm) anu dimuat di Manglé jeung Kiblat Buku Utama nyaéta carpon déwasa, carita barudak, panineungan, jeung sajak. Salian ti resep tulas-tulis, Supriatna boga Sanggar Seni di Jatinangor, tapi sanggeus anjeunna ngantunkeun ti sataun nerbitkeun buku *Kumpulan Carpon Bral*, sanggar senina teu operasi deui lantaran euweuh nu neruskeunana. Supriatna ngantunkeun tanggal 21 Juni 2012, tilu poé saencan kana tepung taunna anu ka-60 taun.

Sumber: Ibu Narti Suprapti (murangkalih Bapa Supriatna).